

Nou dwe travay ansanm ak fanmiy nou, pou nou kapab devlope yon plan fanmiyal antre tout timoun e tout granmoun, lè yo konn sa yo gen pou yo fè.


N'ap itilize yon lis de kontwòl pou nou asire nou ke twous de sirvi nan yon ka de katastwòf ap byen prepare.

TWOUS DE SIRVI

- Yon galon dlo nan boutèy ki komèsyalize pou chak moun chak jou.
- Ji ki konsève nan bwat ou nan boutèy plastik.
- Manje ki nan konsèrv tankou vyand, pwason, fri e legim.
- Manje sèk tankou pen, bonbon e biswit.
- Manje e preparasyon pou bebe yo.
- Asyèt lè nou fin itilize nou kapab jete, tas, bagay n'ap bezwen e sak pou jete fatra.
- Bagay n'ap bezwen pou kwizin e kabiran.
- Dokiman asiran, dokiman medikal yo e tout pyès idantifikasyon nou kapab mete nan yon sak ke tout dokiman sa yo p'ap mouye.
- Yon twous de premye swen ak moustikè.
- Prèskripsyon medikal ak aprovizyonman omwen pou yon semèn.
- Manje e swen pou bebe tankou kouch e latriye.
- Atik espesyal pou moun ki aje e andikape nan fanmiy nan.
- Flach ak lòt batri nèf.
- Radyo ki sèvi ak batri e yon òrloj pou nou kapab swiv lè.
- Louvri-bwat manyèl.
- Anpil alimèt nan yon resipyan ki p'ap pran dlo.
- Bagay pou na ka pirifye dlo ou dlo de Javèl.
- Yon gran twal an plastik e riban adezif.
- Bagay twalèt e ijyèn pèsònèl k'ap genyen bagay pou fwy tou.
- Papyè twalèt, sèrvyèt mouye e savon.
- Ekstenktè pou tenyen dife.
- Bòt, rad e linèt.
- Zorye, kouvèrtu e sak pou dòmi.
- Yon ti kantite lajan.
- Bagay de swen pou animal domestik yo, manje, dlo, kòman n'ap transpòte animal domestik yo, medikaman, mizo e lès.



OU DWE ENTELIJAN KAN GEN YON SOUNAMI



**SI OU SOU
YON PLAJ, OU**

1 SANTI
YON TRANBLEMAN
KI PWISAN ANPIL...

OUYBEN

2 TANDE
YON BRI K'AP VINI
NAN LANMÈ A...

OUYBEN

3 WÈ
DLO LANMÈ FÈ YON
BAK NAN YON
DISTANS OU PA
ABITYE WÈ...

...PA TANN!

KOURI!

KOTE KI GEN YON TEREN KI PI WO!

www.weready.org

ANVAN

- ✓ Ou dwe asire'w ke tout moun nan fanmiy ou konnen tout siy natirèl de Sounami an, paske se pa tout lè w'ap ka resanti tout avètisman ofisyèl Sounami an.
- ✓ Ou dwe asire'w e rann ou kont ke gwo konstriksyon a plizyè etaj yo ki nan vwazinaj ou dwe an beton ame e kapab itilize pou sove moun kan lè moun sa yo ap monte nan etaj ki pi wo yo.
- ✓ Si ou rete nan yon zòn ki ba tankou ou rete pre yon plaj, ou dwe idantifye wout ki pi kout la pou kapab jwenn yon teren ki twouve'l nan yon zòn ki wo anpil e ki pi wo ke nivo lanmè a.
- ✓ Ou dwe toujou ap montre tout moun nan fanmiy ou yon plan pou yo kapab sove tèt yo e ou dwe tout tan ap repete plan sa ak tout moun nan fanmiy lan. Chak moun nan fanmiy nan dwe konnen sa pou yo fè nan ka kote tout moun nan fanmiy nan pa retwouve yo ansanm.
- ✓ Ekipman medikap ki gen premye swen ak aprovizyonman ki nesèsè yo dwe disponib e fasil a twove lè moman Sounami an ap prezante.

DEFÈRLMAN Se kan dlo lanmè a ou dlo lak la pran direksyon yon rivaj ak fòs van an kifè yon toubiyon nan mitan tanpèt la e l'ap diminye presyon atmosferik tanpèt la tou.

APRE

- ✓ Si posib, nou dwe chèche tout pòs radyo ak televizyon pou nou konnen tout dènye enfòmasyon yo.
- ✓ Nou dwe ede tout moun ki blese, ou ki pran nan yon pyèj e nou dwe mande èd si se nesèsè.
- ✓ Ouvri tout pòt ak fenèt yo pou anndan tout kay Sounami a te antre a kapab seche.
- ✓ Retire tout labou ki nan kay yo pandan ke labou sa yo pankò sèch pou ke mi ak a tè kay la kapab seche.
- ✓ Verifye si kanal dlo lakay nou pa bouche. Si li bouche pou nou ka debouche'l.

- ✓ Fè yon enspeksyon de tout manje de rezèv nou te genyen pou nou wè si yo pa mouye, e analize tout dlo potab nou genyen tou anvan nou bwè dlo sa yo, paske li posib si tout manje de rezèv ak dlo potab nou te genyen kapab kontamine ak dlo sal Sounami an te pote. Si sa arive fèt, nou dwe jete tout manje ak dlo ki te la pou sèvi nou.

PANDAN SOUNAMI AN

- ✓ Si ou retwouve'w sou yon plaj e ou konnen tout siy yon Sounami, kite zòn kote ou ye a san pèdi tan pou ale nan yon lòt zòn ki pi wo ke nivo lanmè a.
- ✓ Si pa malè Sounami an pote'w ale e ou pa mouri, chèche itilize yon bagay tankou yon rado.
- ✓ Yon Sounami pa yon senp vag men se plizyè gwo vag k'ap fè ale e vini sou latè pandan kèk èdtan. Premye vag la ka pa se li ki pi gwo. Se pou sa n'ap mande'w rete lwen de zòn danje a jiskaske otorite ki gen konpetans nan domèn nan anonse nou tout bagay fini.

KONSEY POU NOU SWIV

- ✗ Pa tann alam ofisyèl sou Sounami an pou nous ove tèt nou, paske otorite yo nan domèn nan ka pa gentan lanse alam sou Sounami an.
- ✗ Si otorite yo lanse alam Sounami an, pa desann sou plaj la pou nou vin gade gwo vag lanmè a.
- ✗ Pa eseye al Sèrfe lè moman Sounami an.

EROZYON NAN YON RIVAJ E NAN YON PLAJ Se anlèvman sab ou gravye nan mouvman vag e kouran lanmè a ap fè.

EROZYON KOTYÈ A ap fèt nan bò plaj yo ak rivaj yo se lè l'ap leve tout tè nan yon zòn e l'al mete tout tè sa a nan yon lòt zòn.

RISK BÒ KOT YO Se evènman natirèl yo e evènman bò kote moun yo k'ap enfluyans limit ki gen ak oseyan an e litoral la.

